Impact Factor: 9.2 ISSN-L: 2544-980X

# Әдебият Сабағында Прозалық Шығармаларды Дидактикалық Таллаў Усыллары

*Тобаназаров Азамат Пирназарович* [1]

**Аннотация:** Бул мақалада автор мектеплерде әдебият сабақларында прозалық шығармаларды дидактикалық тәрептен анализлеў усыллары ҳәм өзиншелик тәреплери ҳаққында сөз етеди.

**Гилт сөзлер:** Әдебият сабағы, прозалық шығармалар, дидактикалық анализ, көркем шығарманы анализлеў усыллары, нәтийжелилик.

Итибар қаратсақ, көркем шығарма менен танысыў үстинде жас өспирим оқыўшылардың қоршаған орталық туўралы түсиниклери қәлиплесип барады. Тәбият әлеми, оның терең тилсимли сырлары, жақсылық пенен жаманлық, әдиллик пенен әдилсизлик, обал менен саўап, сан әлўан басқа да руўхый-социаллық мәселелер, жәмийетшилик, адамгершилик, тарийхый-сиясий қубылыслар бойынша өз көзқараслары пайда бола баслайды. Соған сәйкес жас өспирим өз дәўириниң, өмир сүрип отырған заманының талабына сай кәмил инсан болып жетилеседи. Әдебий шығарманы оқып отырып, олар ондағы образлар системасын, шығарманың тематика-идеялық мақсетин оқыўшы ақыл тәрезисине салып, терең ой елегинен өткереди. Алған тәсирлерине карай ҳәр қайсысы өзинше баҳа береди.Ол бунда өзин-өзи таныў арқалы қоршаған орталықты түсиниўге, оған өзиниң қатнасын саналы сезиниўге, дөгеректе, жәмийетке өзиниң көзқарасын улыўма инсаныйлық баҳалылықлар позициясынан турып системаластырыўға, өзиниң өмирлик принциплерин анықлаў көникпелери қәлиплеседи.

«Соның менен бирге өзин-өзи таныўы ушын раўажланыўы дың, жеке тулғаның еркин белсендилик көрсетиўиниң, өзиниң қәбилети менен социаллық мумкиншилигин ашыўдың зәрүрли шәрти болып табылады. Соның нәтийжесинде окыўшы өзиниң еркин өсиў ҳәм өзиншелик жетилисиў қәбилетине ийе болады. Оқыўшы тулғасының толысыўы,өмирдиң мәни менен өзиниң ондағы мақсетин уғынады.

Образды танытыўдың ең әпиўайы белгилери-оның сыртқы келбети, ис-ҳәрекети, сөз сөйлеўи. Ойлаў өзгешелиги ҳәм автордың образға, коршаған турмыслық-социаллық орталыққа көзқарасы, әдебий шығарманың тематика-идеялық белгили сыяқлы мәселелер баслаўыш класларда баслап, класс жокарылаған сайын көркем шығармаға әдебияттаныўлық таллаў жасаўдың жоллары қурамаласып, түрленип барады.»[1.5.]

Егерде терең мазмунға сай таңланған жоқары эстетикалық талғамды қәлиплестириўши көркем формаға ийе дөретпелер жокарыдағыдай өзиншелик белгилерге ийе әдебият сабақлығында орынлы берилип, сабақ барысында оны шебер талқылап, үйренилсе ғана бундай қубылысты әмелге асырыўға мүмкиншилик жаратылады.Сонлықтанда, әдебият пәнин оқытыўда көркем шығарманы таллаў негизги әҳмийетли орынды ийелейди. Бунысыз әдебият муғаллими әдебий билимлендириўиниң баслы мақсетине кәмил инсанды қәлиплестириўди әмелге асыра алмайды.Көркем таллаўсыз әдебият сабағын көз алдымызға келтириў қыйын. Илимпаз Қ.Йулдошевтиң тастыйықлап өйткениндей-ақ, көркем анализлеў жоллары толық өзлестирилмегенинше оқыўшылар ҳақыйқый әдебиятты жеңил-желпи, ғалабалық «әдебият»тан айыра алмайды. Бул жағдай көркем дальтонизмге (бизиңше, заўықланбаўшылық), талғамсызлық алып келеди. Эстетикалық тәрептен заўықланбаў, талғамсызлық инсанды руўхый жақтан бийписент, әдеп-икрамлық тәрептен итибарсызлыққа жетеклеўи мүмкин. Әдебий шығарманы анализлей алмаған,анығырақ айтқанда, оннан тәсирлене билмейтуғын бала руўхый қәдириятларға менсинбей қарайтуғын болады. Себеби, бундай балаға инсанды түсиниў, басқаны сезиниў бийгана. Онда тар әмелиятшылық, мәпдарлық иллетлериниң тәсир көрсетиў имканияти үлкен. Соның ушын да көркем анализди әмелге асырыў әпиўайы дидактикалық жумыс емес, ал жүда әҳмийетли ыс-илаж болып табылады.Ҳақыйқый әдебият үлгилерин оқымайтуғын, сезинбейтуғын, көркем образлардың кеширмелерин қабыл етпейтуғын, көркем сөздиң реңбе-реңлигинен тәсирленбейтуғын оқыўшылар үлкейгенде, ҳәмме нәрсени «билетуғын», ҳәр қандай сораўға жуўабы «тайын»,сезимсиз, жүрексиз инсанларға айланып қалыўы мүмкин.[2.148.]

Ҳақыйқатында да, көркем таллаў болмаған орында әдебият пәнин оқытыў тек әпиўайы ўақыяларды баянлаў яки қурғақ идеялар шеңберинде қалып кетеди.Бир сөз бенен айтқанда, көркем текст оқыўшының санасына жетип барғаны менен оның эстетикалық заўықланыўына, эмоционал сезимлерин оятыўға түртки жасай алмайды. Бундай жағдайда оқыўшының функционал көркемликке, дөретиўшиликке болған қызығыўшылығы, мейиллиги төмен болады.Усы ҳалаттан оқыўшыны алып шығып кетиў, оны көркем шығармадағы берилген сөзлердиң реңбе-

[1] Өзбекстан Педагогика Илимлери Илимий-изертлеў институти ҚҚР филиалының еркин излениўшиси (Өз ПИИИ ҚҚР филлиалы)

реңлилигинен эстетикалық заўық алыўы ушын әдебият оқытыўшысы көркем шығармаларды анализлеўдиң жолларын, илимий-теориялық тәреплерин, ҳәр қандай жанрды талқылай алыў шеберликлерин, өлшемлерин терең өзлестирип,әдебият сабағын оқытыўдағы түрли жүзеге келетуғын педагогикалық шәрт-шариятты есапқа алған ҳалда дурыс шөлкемлестире билиўи тийис.

Әдебият сабақларында көркем шығарманы анализлеў мәселелерин үйренген рус илимпазлары В.А.Кан-Калик ҳәм В.И.Хазан авторлығында «Мектепте әдебиятты оқытыўдың психологиялық ҳәм педагогикалық тийкарлары» атлы китабында әдебият сабағының дөретиўшилик тәбиятының өзгешеликлерин психологиялық ҳәм педагогикалық тәрептен изертлеў барысында әдебият сабағы-оқытыўшының көркем-педагогикалық дөретиўшилигик екенлиги туўралы тыянақлы пикирлерин билдиреди.[3.26.]

Сондай-ақ методист алым М.Мирқосимованың өзиниң «Оқыўшыларда әдебий анализлеў көнликпесин қәлиплестириў ҳәм қурамаластырыў тийкарлары »атлы китабында атап көрсеткениндей: «…Ҳәр қыйлы дәўирлерде жасап, дөретиўшилик пенен шуғылланған инсанлардың шығармаларын көркемлик, турмыслық ҳәм тәсиршеңлик өлшемлери тийкарында үйрениў мектеп әдебий тәлимниң бас ўазыйпасын белгилейтуғынлығын» [4.16.]көзде тутатуғын болсақ, билимлендириў мекемелеринде искерлик көрсетип атырған муғаллимлердиң, соның ишинде колледж муғаллимлериниң алдына қаншелли үлкен мақсет ҳәм ўазыйпалар жүкленентуғынлығы өз өзинен белгили.

Дыққат қаратылып атырған мәселе бойынша илимпаз Қ.Йулдошев: «Көркем шығарманы анализлеў-көркем шығарманың турмыслық ҳәм әдебий логикасы және де реңбе-реңлигин аңлаўға бағдарланған искерлик»деп анықлама береди ҳәм оған қойылатуғын талаплар,оның принциплери ҳәм түрлери ҳаққында кеңнен тоқталып өтеди өзиниң докторлық диссертациясында.Соған бола көркем шығарма анализлеўге қойылатуғын талапларга:

- *Түўел анализлеўдиң болыў мүмкин емеслиги;*
- *Жеке пикирлеў характеринде болып, ҳеш қашан абсолют хақыйкатлыққа даўагер кылыў мүмкин емеслиги;*
- *Көркем өнер шығармаларына идеяны сәўлелендириў куралы, пикирди билдириў жолы жолы деп алып қарамаў ҳәм оның эстетикалық ҳәдийсе екенлигин есапқа алыў зәрүрлиги;*
- *Көркем өнер ҳәдийселерине болмыстың нусқасы тәризинде мүнәсийбетте болыў мүмкин емеслигин* киргизеди. Ал оның принциплерине болса, *мазмун ҳәм форма бирлиги, бир пүтинлилик, тарийхыйлық, эстетикалық тийкарлардың әҳмийетлилиги, индивидуаллық, эмоционаллық, педагогикалық мақсетке бағдарланғанлығы* алып қаралады ҳәм дәлилленеди.

Әдетте, әмелияттағы көркем анализдиң қандай мақсетке бағдарланғанлығына қарай еки түрге филологиялық (илимий) ҳәм дидактикалық (оқыў) анализи деп ажыратылатуғынлығы туўралы илимий-педагогикалық әдебиятларда сөз етилген. Соның ишинде, дидактикалық анализ илимий анализден белгили дәрежеде парқланып турады. Ол көркем тексттиң толық сырын ашып бериўге, автордың нийетин аңлаўға, шығарманың реңбе-реңлигин тәмийнлеген тәреплерин аңлаўға қаратылған искерлик болып есапланады. Дурыс, илимий анализде үйренилип атырған дөретпениң улыўма миллий әдебияттағы тутқан орны, оның миллий ой-өристиң раўажланыўына көрекеткен тәсир дәрежеси, қалаберсе,әдебий шығарманың көркемлигин тәмийнлеген тәреплери неде екенлиги көрсетип бериўге ҳәрекет етиледи. Лекин,онда ҳәрқандай әдебий ҳәдийсеге қәниге нәзери менен жантасылып, көркем шығармадан келип шығатуғын жуўмақ әдебияттаныў илими ерискен дәрежелерине муўапық келиўи көзде тутылады.

Бул жолда билдирилетуғын ҳәр бир пикир логикалық түсиниклерге, эстетикалық категорияларға сүйенген ҳалда ис алып барылады. Ал, дидактикалық анализде илимий талқылаў сыяқлы илимий-эстетикалық искерлик болыўы менен бирге ол педагогик-психологиялық процесс де. Өйткени, ҳәр қандай оқыў анализиниң тийкарын педагогиклық мақсетке бағдарланғанлық ийелейди. Сол себепли де дидактикалық анализ мектептеги улыўма педагогикалық процесстиң ажыралмас бир бөлеги болып есапланады.

Билимлендириў процессиндеги оқыў анализиниң өзиншелик белгилери, оның мазмуны, мақсет ҳәм ўазыйпалары, ондағы оқытыўшы ҳәм тәрбияланыўшы искерлиги дәрежеси мәселелери бойынша бирқанша илимпазлар илимий-әмелий изленислер алып барған. Солардан В.Я.Коривинниң «IV-VII-классларда көркем шығарма анализ», Н.О.Корсттың «Көркем шығарманы анализ қылыў методикасынан очерклер», Е.А.Майлинниң «Көркем анализ тәжрийбелери», А.Н.Богданов, Л.Г.Юдкевич лардың «Әдебияттаныў анализи методикасы», З.Я.Рез ҳ.т.басқа автор тәрепинен жазылған «Әдебият оқытыў методикасы», А.Зуннонов, Н.Хотамов, Ж.Эсенов, А.Ибраҳимовлардың «Әдебият оқытыў методикасы», Қ.Йулдошевтың «Әдебият оқытыўдың илимий-теориялық негизлери», Б.Тўхлиевтиң «Әдебият оқытыў методикасы», Ә.Пахратдиновдың «Қарақалпақ әдебияттын оқытыў методикасы» атлы китапларында бул мәселелерге анаў яки мынаў дәрежеде пикирлерин билдирип өткен. Атап айтқанда, педагог алым А.Зуннунов бул жөнинде төмендегидей пикир билдиреди: «Анализ усыллары сабақ процессинде әдебий шығарманы үйрениўде оқытыўшы менен оқыўшылар тәрепинен орынлатуғын ислерди белгилейди. Соның менен бирге бул усыллар сабақтың бәрше басқышларында көркемлеп оқыў ҳәм қайтадан айтып бериў, текстти түсиндириў ҳәм салыстырыў, жазыўшы изинен дизбеклесе анализ етиў, шығарма образлары тәртибин анықлаў ҳәм шығарманы мәселели талқылаў да қолланады» [5.83.]

Сондай-ақ проф.З.Я.Рез ҳ.т.басқа авторлар тәрепинен жазылған «Әдебият оқытыў методикасы» деген монографиясында мектепте көркем шығарманы анализлеўдиң үш усылын: булар автор изинен дизбеклесе талқылаў, көркем образлар арқалы үйрениў ҳәм тематикалық-мәселели үйрениў кереклиги айырықша атап көрсетиледи.[6.132.] Ал методист алым Қ.Йулдошевтың пикиринше,сабақта әдебий шығарманы дидактикалық анализ етиў процессинде муғаллим ҳәм оқыўшы искерлигин үш жөнелисте текстуал анализ, образлы (тымсаллы) анализ ҳәм машқалалы анализ етиў жолы арқалы шөлкемлестириў мүмкинлигин билдиреди. [7.117.] Өз орнында бул мәселелерге Б.Тўхлиев бираз басқашалаў көзқараста жантасады. Оның пикиринше: «Көркем шығарма анализи де көркем шығарма үстинде ислеўдиң ең әҳмийетли басқышларының бири. Анализдиң мақсети, ўазыйпасы, қурылысы ҳәм өзине тән мазмуны да бар. Бирақ оларды ҳәр дайым бир қыйлы болады деп қыял етиў дурыс емес.Ҳәр бир дөретиўши, ҳәр бир шығарма менен байланысқан ҳалда талқылаў да өзине тән өзиншеликти қәлиплестиреди» [8.46.] деп келтириў менен бирқатарда көркем шығарманы үйрениўдиң бирнеше қурылыслық бөлеклерден яғный кирисиў шынығыў лары, көркем шығарманы анализлеў, жуўмақлаўшы шынығыў ларынан ибарат екенлигин дәлиллеўге ҳәрекет етеди.

Өз дәўиринде рус алымлары М.В.Черкезова ҳәм А.Д.Жижиналар миллий мектеплерде көркем шығарманы үйрениў ислери бир неше этапларды өз ишине қамтыйтуғынлығын жазады. Булар кирисиў шынығыўы,көркем текстти оқыў, мазмунды өзлестириў үстинде ис, көркем шығарманы анализлеў, жуўмақлаўшы шынығыўларынан ибаратлылығын ҳәм аты көрсетилген этаплы жумыслар мектеп әмелиятында шын мәнисте сәўлеленбейтуғынлығын сынға алады. [9.116.]

Қарақалпақ әдебиятын оқытыў мәселелери бойынша көплеген илимий жумыслар алып барған алым Ә.Пахратдинов өзиниң «Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы» деген китабында ҳәр бир әдебият пәни оқытыўшысы көркем шығарманы таллаў барысында дәслеп оның мазмуны ямаса анализдиң улыўма қурам бөлеги қандай екенлигин анықлап,билимлендириў деги улыўмалық системаны есапқа алған ҳалда әдебий шығарманың идеялық-тематикалық өзиншелигинен тысқары көркем шығарманың поэтикалық қурылысларын белгилеп алғаннан соң талқылап үйрениў кереклиги ҳаққында тужырымлы пикирлерин билдиреди.[10.116.]

Мектеплерде әдебият сабақларында әдебий шығарманы анализлеўдиң мынадай үш түрин педагог тәрепинен қолланылса болады.

**1.Текстуал (автор изинен дизбеклесе) таллаў.** Әдебият оқытыўшысы тек көркем текстке сүйенеди ҳәм текст логикасы, оның ишки тәртибин ҳеш өзгертпестен шығармадағы мәнини, реңбе-реңликти көрсетип береди.Бунда оқытыўшы көбирек искерлик жүргизеди.

5-класс.Т.Қайыпбергеновтың «Муғаллимге рахмет» повести үзиндиси бойынша:

*«Автор повестте усы халықты саўатландырыў жөнелисиндеги дәслепки мугаллимлердиң атқарған хызметлери менен туткан орнын сүўретлеў арқалы устаз деген атты улығлаў менен бирге, XX әсирдиң 20-30-жыллардағы қарақалпақ халқының саўатлылыққа умтылыўдағы қыйын ҳәм даңқлы жолларын ашып көрсетиўди бас мақсет тутқан.*

*Повесттеги бул идея дәслепки муғаллим Меңлимурат ҳәм оның билим алыўға ҳәўес, зейинли, шаққан Турдымурат сыяқлы ҳақ көкирек шәкиртлериниң образын жасаў арқалы исенимли ҳәм оғада көркем етип ашып берилген.*

*Повест сюжети кишкене бийҳазар бала Турдымураттың тилинде дәслепки муғаллим Меңлимураттың аўылға келиў ўақыяларын сүўретлеўден басланады. Кишкене Турдымураттың түсинигинде, ҳәтте, аўыл адамларының көзқарасынша, муғаллим Меңлимураттың аўылға келиўи ең дәслеп ләрзеге келтирген, таңқаларлық әжептәўир ҳүрейли ҳәдийседей болып туйылады.Ески билимлендириўге үйренип қалған аўыл адамлардың санасы жаңалықты, жаңа муғаллимди бирден кабы лете алмайды.Олар ушын жаңалық, жаңаша оқыў убужық, әжинедей көринип, жаңа муғаллим халықты мусылманшылықтан айыратуғын, орыс болып кетиўге ийтермелейтуғын кәпиримбет душпан адамдай болып сезиледи. Сол ушын олар Меңлимурат аўылдан мектеп ашып, балаларды оқытыўға келген дәслепки күнлерде балаларын оннан жасырып, мектепке жибермей қояды.Ата-анасының айтқанлары хат пенен қәлемдей болып санасына сиңип қалған кишкене балалар да дәслебинде оннан қорқып қашып, мектепке бармай жүреди. Меңлимурат бул қыйыншылықлардың бәрин сабырлылық пенен ақыллылық пенен жеңиўге ҳәрекет етеди.Жаңа мектеп, жаңа билимлендириўдиң артықмашлықлары ҳәм абзалықларына адамларды исендириў ушын қыйыншылықлардан қорықпастан, ҳарып шаршаўды билмей зәбердеслик пенен түсиник жумысларын алып барады.Меңлимурат шығарма ўақыяларындағы бул унамлы ийгиликли ис-ҳәрекетлери оның жас бала Турдымуратқа болған адамгершилик мүнәсийбетлеринде,яғный Турдымурат образының жасалыўы арқалы айқын көзге тасланады.»* [11.534.]

Бундай таллаўдың негизинде шығарманың сюжети жатады, ал оның анық бөлимлери-саҳналық көринислер,тараўлар, эпизодты таллаўда айырықша мәни беретуғын бирнеше баҳалылықлар болады.Оқыў процессинде таллаўдың тәбийий тәртиби, қурамалы шығарма текстин қайталап оқыўдың негизинде автордың сүўретлеп атырған ойына илесиўден, тәсирлениўден туўған кластың нәзери, кеўил кеширмелери шығарманы түр ҳәм мазмунның бирлигин де есапқа алыўға байланыслы болады.

Оқыўшылардың көз алдында әдебий шығарма ўақыясы бөлим-бөлим болып дизбеклесип өтеди.Олар сюжеттиң раяжланыўын бақлап, негизги көринислерди бөлип,қаҳарманлар ис-ҳәрекетиниң исенимлилигине, шығарманың тил көркемлигине нәзер аўдарады. [12.22.]

**2.Образлы таллаў**.Оқытыўшының итибары шығармадағы образ ҳәм персонажға қаратылады ҳәм көркем мәни образлар руўхыятын аңлап барыў барысында тәбийий рәўиште келип шығатуғын жазыўшының шеберлиги ҳәм көркем образлардың қаншелли жанлы ҳәм тәсиршең жасалғанлығын анализлеў тийкарында ашып барылады. Оқыўшылар да әдеўир белсенди искерлик көрсетеди.

**5-класс.Т.Қайыпбергеновтың «Муғаллимге рахмет» повести үзиндиси бойынша:**

*Повесттеги баслы образларды Меңлимурат ҳәм Турдымурат образлары қурайды.Ўақыялар шеңбери усы еки әдебий қаҳарманлар әтирапында жүз береди.Шығармада Меңлимурат образы-кәсиби муғаллим, билимли, кишипейил, меҳрибан, сабырлы, умтылыўшаң, ҳәрекетшең, мийнеткеш инсан сыпатында сәўлеленген.Турдымурат образы-ақыллы, шаққан, зийрек, мийнеткеш, аққөкирек, оқыўға интасы күшли жас өсипирим.*

*Дүйсен молла образы-аўыл молласы, дин ўәкиллериниң бири, аўыл медресесинде сабақ бериўши,негатив пикирлеўши,өз мәпин гөзлеўши, киси нәрсесин алыўға ҳеш нәрседен қайтпайтуғын ашкөз, урлықшы инсан сапытында көз алдымызға келеди.Ал шығармадағы Турдымураттың ата-анасы ҳәм дослары Сайып, Қунназар, Сәрсенбайлар булар қосымша әдебий персонажлар болып табылады.*

Шығарманың персонажлар системасын оқып-үйрениў.Көркем шығарманың образлар системасын таллаў-мектептеги шығарма таллаўдың ең кең таралған жолы. Әлбетте, ол улыўма оқыўшылардың жас өзгешеликлерине де байланыслы жүргилизип, әдебиятқа адамтаныў илими деген көзқарасты қәлиплестиреди.

Әдебий персонажлардың образын есапқа көп жағдайда V-VII класларда таллаўдың миннетли түрдеги негизги шәрти болып келеди.Усы дәўирде оқыўшыларға шығарманың шығарманың көркем сүўретлер системасында байланыс, талас-тартыс, шийеленген үстинде алып қарастырғанда, олардың бойындағы қәсийет сапалар әтирапты, жән-жақлама ашылады. [13.24.]

3.**Машқалалы анализ**.Әдебият сабағы тийкарынан оқыўшылар тәрепинен алып барылыўы көзге тутылады. Оқытыўшы олардың алдына әдебий машқала қояды ҳәм шешилиў жолларын көрсетеди.Шығарманы анализлеўде оқыўшылар билген түсиниклеринен пайдаланып қалмастан, бирқатар жаңа эстетикалық-логикалық түсиниклерди өзлестирип алады.Себеби, ол жәмәәт болып ислейди, өзара пикирлеседи.Бул жағдайда оқыўшылардың руўхый әлеминде де, ақыл дүньясында да белгили дәрежеде өзгерислер жүз береди.

**5-класс.Т.Қайыпбергеновтың «Муғаллимге рахмет» повести үзиндиси бойынша:** *1.Турдымурат дәслепки мәрте Меңлимурат муғаллим менен гезлесип гезлесип қалған қандай руўхый ҳалатқа түсип қалды? Сиз болған да не қылған болар едиңиз?Ҳәзирги ўақытқа салыстырың.*

*2.Турдымураттың Сайып, Қунназар, Сәрсенбайлар бирге ойнап, биргеликте урлық ислеп жүргенлерин сизлер қоллап-қуўатлайсызларма?*

*3.Баланың қаўынлар ҳаққында: «Әсиресе, қаўын деген ийттырқын.Боз қарықтан егилген қаўынлардың хәр бирин адам түўе арба зорға көтерер.Ең киши дегени Дүйсен молланың үйиндеги садақа қазандай бар десе де болады» деп тәрийпленген палыз өними ҳәзирде ушырасама?*

*4.Дүйсен молла балаларға мугаллим ҳаққында қандай пикирлерди айтатуғын еди? Сизлер Дүйсен молланың пикирине қосыласызба?*

*5.Көбирек шыгараның қайсы тәрепи яки қайсы образ унады?*

Машқалалы таллаў-оқыўшылардың билиўин арттырыў, ойлаў белсендилигин жетилистириўде мол мүмкиншилик ашады, сондай-ақ раўажландырып оқытыўдың негизги бир жолы ретинде де пайдалы болып келеди. Проблемалық таллаў сол көркем шыгарма негизинде проблеманы таўып, анық проблемалық сораўларды таярлаўды талап етеди. [14.68.]

Ҳәзирги ўақыттағы мектептеги проблемалық-тематикалық оқытыўда проблемалық таллаў жолының өзиншелик орны бар.Бул таллаў жолын оқып –үйрениў ушын алды менен проблемалық сораў ҳәм проблемалық жағдай түсинигин аныклап алыў зәрүр.

Проблемалық окып-үйрениў арқалы бир-бири менен өзара байланыстағы дүзилисти ҳәм проблемалық қурамалы жағдайларды анықлаўда оқыўшы муғаллимниң көмеги ҳәм басламасы менен пәнниң оқыў материалының мазмунын өзлестиреди, сол арқалы өзиниң шығарманы оқып-үйрениў усылы менен билим сапасын арттырып, илим менен өмирге дөретиўшилик козқарас зәрүр екенлигин аңлап биледи. Проблемалық жағдай туўдырыўда алды менен сабақ темасына орай проблемалық жағдай жасайтуғын ең әҳмийетли мәселени табыў керек. Проблемалық сораў оқыўшыны қызықтыратуғын қыйын есаптай болып, оның пайдаланыўына жүдә зәрүр, соның менен бирге коркем шығарма мазмунына сәйкес, оның идеялық бағытынан келип шығыўы тийис.Проблемалық таллаў сораўлары оқыўшының өмирлик улыўма раўажланыўы менен жәмийет пенен, оршаған орталық пенен тығыз байланыста болғаны жөн. Проблемалық сораў қойылғанда оқыўшы өзи қызықтырған шынлыққа

қосылып,балаларға ойланыў тәср ететуғын жагдай жаратып, жаңа билимлер қорын билиўге, теманы терең өзлестириўге умтылады. Проблемалық сораў гейде алтернатив түрлериндеги уқсас жағдайларда салыстырыўды да талап етеди.Бул қарама-қарсылықлы мәселелерди салыстырыўды талап ететуғын тәбийий усыл.Сонлықтан проблемалық сораў проблемалық жағдайға айланыўы ушын оны шешиўдиң түрли қырларын табыў зәрүр, оларды хәр түрли жуўаплар менен салыстырып қарастырыў керек. [15.113.]Солай етип, мектеплерде қарақалпақ әдебият муғаллими әдебият сабакларында қайдайда бир көрекм шығарманы анализ қылыў барысында көркем шығарманы анализлеў түрлеринен тек бир түринен пайдаланып қалмастан, оның орны хәм зәрүрлигине қарап қолланса, сабақты нәтийжелилиги және де асады.

Улыўмаластырып айтқанда, мектептиң қарақалпак әдебияты оқытыўшысы өзиниң көп изленислери, тыянақлы илимий билимлери менен бай әмелий тәжрийбелери арқалы оқыў анализин еле де қурамаластырып, тереңлестириў нәтийжесинде көркем шығарманы анализлеўдиң принциплери, оған қойылатуғын талаплар хәм анализлеў усылларын тереңнен билиўи хәм көнликпелерди өзинде қәлиплестире алған болыўы лазым. Әсиресе, әдебият сабакларында прозалык шығармаларды таллағанда оның жанрлық кәсийетлери хәм өзгешеликлерин есапқа алыўы керек.Демек, сонда ғана ол әдебият пәнин оқытыў процессинен гөзленген мақсетине шын мәнисинде ерисе алады деп ойлаймыз.Бул жерде әдебият муғаллими түрли қызыўшылық ларға, психологиялық өзиншеликлерге ийе оқыўшы жаслар менен ис көрген лиги себепли де бәрше талаплардан бир түрде алымлардай пикир жүргизиўди талап етиўге хақлы емес. Себеби, ол көкке жаңа бой созып, раўажланып кыятырған жас нихәл оқыўшы. Оқытыўшы ушын ерисиўи шәрт болған ең тийкарғы педагогикалық мақсет-оқыўшының тәсиршең қәлб хәм жоқарғы адамгершилик пәзийлетлер ийеси етип тәрбиялаўды хәр қандай сабақта хәр қашан есинен шығармаўы тийис.

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР:**

1. Сманов Б.Ө.Ккөркем шығарманы талдаў әдістемесі.-Алматы, Ұлағат, 2011, 5-бет.
2. Йўлдошев Қ.Педагогик тафаккур ва умумтаълим мактабларида адабиёт ўқитишнинг илмий–методик асослари: Пед. фан. док. дисс. -Т.: 1997. 148- бет.
3. В.А.Кан-Калик, В.И.Хазан Психолого-педагогические основы преподавания литературы в школе./ Учеб.пособие для студентов пед.инс-тов.-М.., Просвещение, 1988, стр 19-26
4. Миркосимва М. Ўқувчиларда адабий таҳлил малакасини шакллантириш ва такомиллаш тириш асослари.-Т.,Фан, 1996, 16-бет.
5. Зуннунов А,Хатомов Н, Ибрагимов А.Адабиёт ўқитиш методикаси.-Т…, «Ўқитувчи»,1992,83-бет
6. Рез З.Я.и.др. Методика преподавания литературы-М.., «Просвешение »,1977, стр 107-132
7. Йулдошев Қ.Адабиёт ўқитишнинг илимий-назарий асослари.-Т.., «Ўқитувчи»1996, 117-бет
8. Тўхлиев Б.Адабиёт ўқитиш методикаси.-Т.., «Янги аср авлоди»,2006,46-бет
9. Методика преподавания русской литературы в национальной школе /Под редакцией М.В.Черкезова и А.Д.Жижиной –Л.., «Просвешение»1989,стр 116-157
10. Пахратдинов Ә.Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы.-Н..,Билим,2004,116-118-бетлер
11. Пахратдинов Ә, Алламбергенов К, Бекбергенова М.ХХәсир қарақалпақ әдебияты тарийхы.-Н.., Қарақалпақстан, 2011, 534-бет
12. Сманов Б.Ө.Мектепте көркем шығарманы таллаудың ғылыми-әдістемелік негизлери.педагогика ғылымдарының докторы ғылыми дәрежесін алу үшін дайындалған диссертация автореферат.-Алмата, 2010.22-бет.
13. Сманов Б.Ө.Мектепте көркем шығарманы таллаудың ғылыми-әдістемелік негизлери.педагогика ғылымдарының докторы ғылыми дәрежесін алу үшін дайындалған диссертация автореферат.-Алмата, 2010.24-бет.
14. Бітібаева Қ.Әдебиетті оқыту әдістемесі.Алматы, Рауан, 1997, 68-бет
15. Сманов Б.Ө.көркем шығарманы талдаў әдістемесі.-Алматы, Ұлағат, 2011, 113-бет.